ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№147 (24.229) ● 2022 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 10, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущlапlэм къызэритамкlэ

# ЛІыхъужьхэр ягъэлъапІэ



**Хэкум и лІыхъужьхэм я махуэм ирихьэлІэу КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къэрал саугъэтхэр яритащ республикэм и зауэлІхэу дзэ Іуэху хэхахэр щекІуэкІ щІыпІэм щыІахэм къахэщхьэхукІахэм.**

ДЗЭ КЪУЛЫКЪУ зезыхьэхэмрэ абыхэм я Іыхьлыхэмрэ захуигъазэу, КІуэкІуэм жиІащ: «Хэкур хъумэным, зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, щапхъэу къахьу псэуа ди адэжьхэм, лъэпкъым къыхэжаныкІа лІыхъужьхэм я фэеплъщ мы махуэр. Сыт хуэдэ гугъуехьрэ залымрэ хуэзами, къикІуэт ямыщІэу, шынэ жыхуаІэр япэІэщІэу Хэкум хуэпсэуащ, хахуагъэ ягъэлъэгъуащ абыхэм. Тхыдэм къыхэщыж зауэхэм я нэхъ гущІэгъуншэмрэ шынагъуэмрэ текІуэныгъэр ди Іэрылъхьэу дыкъыхэкІауэ щытащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм абы и фІыгъэкІэ. Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ я лІыхъужьхэм, ЩІыхьым и орденыр зыхуагъэфэщахэм, ТекІуэныгъэшхуэм дыхуэзышахэм, зыщымысхьыжу лъэпкъым и шэпэІудзу щытахэм щхьэщэ яхудощІ. КъищынэмыщІауэ, дропагэ Социалист Лэжьыгъэмрэ Урысей Федерацэм и Лэжьыгъэмрэ я лІыхъужьхэм. Гуапэ мыхъуу къанэркъым нобэрей щІэблэми адэжьхэм я лэжьыгъэм къызэрыпащэр. Ди зауэлІ хахуэхэм узыншагъэ быдэ яІэну, ефІакІуэу, фІым я нэхъыфІыр къалъысу псэуну сохъуэхъу. ФІыщІэ лей яхуэфащэщ Хэкум хуэпэж апхуэдэ лъэпкъылІхэр зыпІа, зыгъэса адэ-анэхэм».

Урысей Федерацэм и Президентым и УнафэкІэ я дзэ, лэжьыгъэ къалэнхэр екІуу зэрагъэзащІэм папщІэ ЛІыхъужьыгъэм и орденыр хуагъэфэщащ я фІэфІыныгъэкІэ дзэ Іуэху хэхахэр щекІуэкІ щІыпІэм щыІа Бэян Руслан, КІыщ Тимур, ЦІагъуэ Аметэ, «И хахуагъэм папщІэ» медалыр иратащ Бахъуэ Рэмэзан, Жуковым и медалкІэ яІэтащ Къармэ Имран. УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм и УнафэкІэ «Дзэ хахуагъэм папщІэ» медалыр хуагъэфэщащ Ахъмэт Астемыр, Гъуэгунокъуэ Астемыр, ТишкІэ Аким сымэ.

ЛІыхъужьхэр щагъэлъэпІа дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и къэрал инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ Говоров Сергей, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хъубий Марат, КъБР-м экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ Советым и унафэщІ Тату Казбек, УФ-м и Лъэпкъ гвардием КЪБР-м щиІэ управленэм и унафэщІ Васильев Сергей, КъБР-м и къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ и миинистр Павлов Василий, КъБР-м и прокурор Хабаров Николай, УФ-м и ФСБ-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и унафэщІ Громушкин Пётр, КъБР-м и дзэ комиссар Пахомов Дмитрий, Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз, Аруан щІыналъэ администрацэм и тхьэмадэ Ажий Валерэ, Прохладнэ къалэ администрацэм и унафэщІ Архангельский Вячеслав сымэ.



*Ожогинэ Н. Ф. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным и ІуэхукІэ*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЕхъулІэныгъэхэр зэриІэм папщІэ икІи щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Ожогинэ Наталье Фагим и пхъу**м - Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм экономикэмрэ финансхэмкІэ и къуэдзэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м*
*№131-УГ*

# Къалэн пыухыкІахэм тещІыхьауэ

**Дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм хэтхэм я зэІущІэ иригъэкІуэкІащ Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий. Зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэхэу Говоров Сергей, Хъубий Мурат, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Къардэн Мурат сымэ.**

ЗЭІУЩІЭМ щызэпкъырахащ Іуэхугъуэ 18-м щІигъу. КъБР-м щІы, мылъку зэхущытыкІэхэмкІэ и министр **Тэхъу Аслъэн** зи гугъу ищІахэм ящыщщ «ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центр» федеральнэ ІуэхущІапІэм КъБР-м и республикэ мылъкуу щытыр пщІэншэу етыжыным теухуа унафэм и проектыр. Ар зи нэІэ щІэт ІуэхущІапІэ псори хэплъэжауэ проектыр хьэзырти, ІэІэткІэ къызэдащтащ. Апхуэдэ унафэ тращІыхьащ Тембот Аслъэнбий и цІэр зезыхьэ Экологиемрэ бгылъэ щІыпІэхэмкІэ институтым КъБР-м и мылъкуу иратми.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэр егъэфІэкІуэн» КъБР-м и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ къэпсэлъащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Къармэ Марат**. ЗэхъуэкІыныгъэр зытеухуар цІыху куэд зыгъэсымаджэ узыфэхэр къэхутэным, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм ехьэлІахэм трагъэкІуэдэну УФ-м и федеральнэ мылъкум къыхэкІыу республикэм субсидие къыІэрыхьэным теухуа зэгурыІуэныгъэ зэщІылІэнырщ. Къармэр тепсэлъыхьащ 2022 гъэм цІыхухэм пщІэншэу медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр къызэрыхузэрагъэпэщамрэ 2023 - 2024 гъэхэм а Іуэхур зэрызыкІэлъагъэкІуэнумрэ.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкІэ и министр **Асанов Алим** унагъуэ хуэмыщІахэм ядэІэпыкъуным пыщІа Іуэхугъуэ зыбжанэ правительствэ зэІущІэм хэтхэм я пащхьэ кърихьащ. Абы къищынэмыщІауэ, Донецк, Луганск цІыхубэ республикэхэмрэ Запорожье, Херсон областхэмрэ къулыкъущІэхэр командировкэ зэрагъакІуэм пыщІа Іуэхухэм. Апхуэдэуи Іэщэ-фащэхэр, къагъауэ лагъымхэр езыхэм я жэрдэмкІэ къэзыт цІыхухэм къэралым къарит сом мин 46-р КъБР-м ФинансхэмкІэ и министерствэм къикІыу Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкІэ и министерствэм къызэрыІэрыхьэн хуей хабзэр яубзыхуащ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**


## «Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

**ПщІэ зыхуэтщІ щІэджыкІакІуэхэ!**

**ЩІидзауэ йокІуэкІ 2023 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ тедзэныр. «Адыгэ псалъэр» зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ мази 6-м ди газетым и уасэр:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 801-рэ кІэпІейкІэ 72-рэщ;**

**фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 728-рэ кІэпІейкІэ 64-рэщ.**

**Ди индексыр П 5894**

# ЩIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я хъумакIуэ

**Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Дзэмыхь Къасболэт Къэбэрдей-Балъкъэр автономиер къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум егъэщIылIауэ, езыр зи унафэщI IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр къыщипщытэж пресс-конференц иригъэкIуэкIащ дыгъэгъазэм и 7-м.**





ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я лIыкIуэхэр, КъБКъУ-м, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым я щIэныгъэлIхэр, СМИ-м и лэжьакIуэхэр.

Пресс-конференцым ипэ къихуэу, къекIуэлIахэм Iэмал яIащ институтым иужьрей илъэсипщIым къриубыдэу къыдигъэкIа, тхыдэмрэ бзэ щIэныгъэмрэ къызэщIэзыубыдэ тхылъхэм я гъэлэгъуэныгъэм хэтыну.

«Ди институтыр Кавказ щIыналъэм ит щIэныгъэ IуэхущIапIэ нэхъыжь дыдэхэм язщ, - жиIащ Дзэмыхь Къасболэт къыщыпсалъэм. - Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым и Президиумым и ГъэзэщIакIуэ комитет нэхъыщхьэм 1926 гъэм щIышылэм и 6-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ къызэIуахауэ щытащ ар. Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щIэныгъэлIхэр къешэлIэн, щIыналъэм и щIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ областым и щIыуэпсыр къызэрыщхьэпэнумрэ зэгъэщIэн, щIыпIэм теухуауэ щIэныгъэ пэж цIыхубэм ялъэгъэIэсын мурадт абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар. Институтыр щIэгушхуэ ехъулIэныгъэхэм язщ абы 1976 гъэм «ЩIыхьым и орден» къызэрыхуагъэфэщар».

Дзэмыхь Къасболэт къекIуэлIахэр щыгъуазэ ищIащ институтым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм, щIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэхэм зэрызиубгъу къудамэхэм, абыхэм я IэдакъэщIэкIхэм. «Дэ ди лэжьыгъэр наIуэ къэзыщIыр къыдэдгъэкI тхылъхэращ, - жиIащ щIэныгъэлIым. - Гу лъывэзгъэтэну сыхуейт дэ пасэрей дыдэ тхыдэм щегъэжьауэ нобэрей махуэм къэс къызэрызэщIэдубыдэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, иужьрей илъэс зыбжанэм тхыдэм тепсэлъыхьыныр жылагъуэ Iуэху хъуащ. Сыт хуэдизу гупсысэ гъэщIэгъуэн нэрыбгэ щхьэхуэм утыку къримыхьэми, IэщIагъэлIым, тхыдэджым, бзэ щIэныгъэлIым Iуэхум хищIыкIымрэ жылагъуэ лэжьакIуэ гуэрым и Iуэху еплъыкIэмрэ пэж и лъэныкъуэкIэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Абы къыхэкIыу, цIыху губзыгъэм зи хьэтыр илъагъупхъэр зэхигъэкIыфу щытын хуейщ, япэ къэсым кърихьэжьа хъыбарым и ужь имыувэу. Ди лэжьыгъэм и уасэр наIуэ къэзыщIри а Iуэхурщ».

ЩIэныгъэлIыр тепсэлъыхьащ иджыблагъэ Гуманитар щIэныгъэхэмкIэ институтым и лэжьыгъэм дагъуэ хуащIу хъыбар нэпцI зыгъэIуахэми. «Институтым зы лъэпощхьэпо закъуи щекIуэкIыркъым, тегъэщIапIэ зимыIэ псалъэмакъхэр къезыхьэжьар зи щхьэм пщIэ хуэзымыщIыж телеграм каналхэр зыгъэлажьэхэрщ. IуэхущIапIэр и IэнатIэм пэрытщ, и къалэныр егъэзащIэ, зы щыщIагъи хабзэхъумэхэми къэралми къыддагъуэркъым».

Дзэмыхь Къасболэт убгъуауэ тепсэлъыхьащ Республикэм ис лъэпкъхэр кърипцIыхун папщIэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и щхьэпагъыр къызэрымыкIуэу зэрылъагэм. «Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ ди бзэри, ди щэнхабзэри, ди IуэрыIуатэри щадж нэгъуэщI щIэныгъэ IуэхущIапIэ зыщIыпIи щыIэкъым, - жиIащ абы. - Ди къару демыблэжу а псом дыщIелэжьыр щIалэгъуалэм и блэкIар ищIэу, и нобэм хэмыгъуэщыхьын папщIэщ».

Профессорым и гугъу ищIащ иджыпсту дунейр зыгъэпIейтей, Украинэм щекIуэкI зауэ Iуэху щхьэхуэм. «Тхылъхэм диплъэжмэ, тлъагъур сыт? Пасэм псэуа адыгэпщхэмрэ къэзакъхэмрэ зэкъуэту иджыпсту Украинэм иубыд щIыналъэм щыпсэуахэм ядэлэпыкъуну кIуэуэ щытащ абдежым щысхэр «Польшэмрэ Литвамрэ къикIа зэрыпхъуакIуэхэм щахъумэн» щхьэкIэ. А псом щIалэгъуалэр щыгъуазэкъыми, я нэгу щIэкIыр къагурыIуэркъым».

Дзэмыхь Къасболэт къытеувыIащ езыр зи унафэщI IуэхущIапIэм къыдигъэкIа тхылъхэм я бжыгъэми. «Институтыр къызэрыунэху лъандэрэ, абы къыщыдэкIащ тхылъ 1000-м щIигъу, абы хиубыдэу щIэныгъэлI лэжьыгъэу - 550-рэ. 1940 гъэхэм щегъэжьауэ къыдэкIыу щытащ «ЩIэныгъэлI тхыгъэхэр», Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я тхыдэм теухуа IэдакъэщIэкIхэр, иджы «Вестник КБИГИ» зыфIащыжа журналыр, къинэмыщIхэр. Илъэс къэс ди щIэныгъэлIхэм ятхауэ институтым тредзэ тхылъ 15 - 20. Ин дыдэкIэ узэмыджэн ди IуэхущIапIэм дежкIэ ар мащIэкъым».

Профессорыр тепсэлъыхьащ КъБКъУ-мрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтымрэ сыт щыгъуи жыджэру зэрызэдэлажьэм, IуэхущIапIитIыр щIэныгъэлIхэмкIэ зэхуэжьэу, зэчэнджэщу къызэрекIуэкIым икIи абы лэжьыгъэр зэрыригъэфIакIуэм.



УФ-м и щIэныгъэлIышхуэхэм я еплъыкIэмкIэ, КъБР-м и Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтыр кууагъырэ лъагагъкIэ, теорие лъабжьэрэ практикэ IэзагъкIэ Урысейм нэхъ лъэрызехьэу ит щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм къакIэрыхуркъым. Щапхъэу къапщтэмэ, гулъытэ лъагэ ягъуэтащ томитI хъууэ I957 гъэм къыдэкIауэ щыта «Урысхэмрэ адыгэхэмрэ я зэхущытыкIэр XVI-XVIII лIэщIыгъуэхэм» тхылъым, «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и тхыдэр» (1967), ари томитI хъууэ. Томищ хъууэ къыдэкIа «Адыгэхэм я лъэпкъ уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ» зи цIэ тхылъым Югославием щыщ щIэныгъэлIхэр къыщIэупщIауэ щытащ. Апхуэдэу зи цIэ къыпхуиIуэну лэжьыгъэхэр куэд мэхъу.

Институтыр жыджэру хэтщ къэралым щылажьэ щIэныгъэ программэхэм. Ар хэлэжьыхьащ Невский Александр, Пётр Езанэм, Столыпин Пётр сымэ щагъэлъэпIа къэралпсо конференцхэм. Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуа Къуэдзокъуэ Лэкъумэн, Мечиев Кязим, ПащIэ Бэчмырзэ, ЩоджэнцIыкIу Алий, Кулиев Къайсын, къинэмыщI цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуа къэхутэныгъэхэм зрагъэубгъу зэпытщ. Иужьрейхэм я щапхъэу пхужыIэнущ Нэгумэ Шорэрэ академик Шёгренрэ я зэхуэтхэныгъэхэр къагъуэтыжу, ахэр иту къыдагъэкIа, томиплI хъу къэхутэныгъэ лэжьыгъэр.

Дзэмыхьым и гугъу имыщIу къэнакъым институтыр Тыркум щыIэ КАФФЕД хасэм зэрадэлажьэр щыщIагъэ хуэдэу къэзыгъэлъагъуэхэми. «Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президенту сыщыщыта зэманым сэ къысхуихуащ хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм сахуэзэну. Абыхэм зи гур Урысейм хуэмыкъабзэ цIыху яхэту срихьэлIакъым. Иджыблагъэ институтыр зыгуэркIэ дыхагъэзыхь хуэдэу хъыбар зэхахати, гузавэхэри къытщхьэщыжащ. Ауэ иджыри къытызогъазэри, ди лэжьыгъэр зытетыпхъэм тету долажьэ. ЩIэныгъэ IуэхущIапIэ дыщыхъукIэ, тхыдэм и гугъу дымыщIуи, абы елэжь щIэныгъэлIхэми дахуэмызэу хъунукъым».

Къэпсэлъэныгъэм и кIэм Дзэмыхь Къэсболэт институтым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр наIуэ къэзыщI бжыгъэхэр кърипIуащ.

«Иужьрей илъэсипщIым дэ къыдэдгъэкIащ щIэныгъэлI лэжьыгъэу - 88-рэ, IэщIагъэлI тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъу - 14, дэфтэрхэмрэ къинэмыщI материалхэмрэ зэрыхуа къыдэкIыгъуэу - 26-рэ, псалъалъэу - 9, Кавказ Ищхъэрэм и археологиемрэ этнологиемрэ теухуа тхылъу - 10, Кавказ бзэ щIэныгъэм теухуауэ - къыдэкIыгъуи 10, нэгъуэщI куэди», - жиIащ щIэныгъэлIым.

Институтым щылажьэр щIэныгъэ лъагэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлI защIэщ, я нэхъыбэр щIэныгъэм и кандидат, доктор цIэхэр зэрахьэу. IуэхущIапIэр набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я бзэм, я литературэм зэрызиужьым, лъэпкъитIым зэрызаузэщIым, ахэр УФ-м щыпсэу адрей лъэпкъхэм зэрадэгъуэгурыкIуэм. Щхьэхуэу Дзэмыхьыр къытеувыIащ балъкъэрыбзэмрэ адыгэбзэмрэ нэхъ нэгъэсауэ джа хъун папщIэ, зи щхьэпагъыр къыпхуэмыIуэтэн, иужьрей зэманми нэхъ пасэуи къыдэкIа псалъалъэхэм. «КIыщокъуэ Алим и бзэм и псалъалъэ» зыфIэтща тхылъым хуэдэ куэд дуней псом къыщыдэкIакъым, - жиIащ щIэныгъэлIым. - «Пушкин и псалъалъэм» укъыфIэкIмэ, къыпхуэмыIэтыну зэрыхьэлъэм щхьэкIэ къезмыхьэжьа а псалъалъэм пебгъэуэфын куэд щыIэкъым».

ЩIэныгъэлIым зи гугъу ищIа псалъалъэри, институтым иужьрей илъэсипщIым къыщыдэкIа адрей тхыгъэхэри къызэхуэсахэм ялъагъуну Iэмал къаритащ и къэпсэлъыныгъэр иуха иужь, Дзэмыхь Къасболэт хьэщIэхэр зыбгъэдиша тхылъ гъэлъэгъуэныгъэм. «Дэ дыкъэрал IуэхущIапIэщи, Республикэм мылъкукIэ къыддэIэпыкъуну Iэмал иIэкъым, - щыжиIащ абдежым Дзэмыхь Къасболэт. - Ди жагъуи тщIыркъым. Мис, ди хъуреягъкIэ гъуэгу зэгъэпэщахэр, школхэр, цIыхухэр зыхуэныкъуэ псэупIэщIэхэр зэрыщаухуэр долъагъу. Ауэ я бжыгъэм ущIэупщIэмэ, ди тхылъхэр куэду къыщIытхудэмыгъэкIыр зэпхар мылъку Iуэхурщ».

КъБР-м и Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым иригъэкIуэкI лэжьыгъэр зэрыщхьэпэр, абы жэуаплыныгъэшхуэ зыхэлъ къалэн гугъу зэрихьыр, езыми гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуэфащэр наIуэ къищIащ пресс-конференцым. ДяпэкIи щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм и хъумакIуэкIэ узэджэфыну IуэхущIапIэм и Iэужь куэд ди пащхьэ къызэрырахьэнум шэч къытетхьэркъым.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**
*Сурэтхэр*
**Къарей Элинэ** *трихащ*.

# Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 10**, *щэбэт*

♦**ЦIыхум и хуитыныгъэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Футболым и дунейпсо махуэщ**
♦**Псэущхьэхэм я хуитыныгъэм къыщхьэщыжыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысей МВД-м связымкIэ и къулыкъур къыщызэрагъэпэща махуэщ**
♦**1935 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъыш Нухь**.
♦**1936 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Лафыщ Мухьэмэд**.
♦**1938 гъэм** къалъхуащ дирижёр цIэрыIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым тIэунейрэ и лауреат **Темыркъан Юрэ**.
♦**1938 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Былымгъуэт Борис**.
♦**1939 гъэм** къалъхуащ уэрэдус, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Согуэ Данил**.
♦**1970 гъэм** къалъхуащ самбо бэнэкIэмкIэ дунейм пщыкIузрэ и чемпион хъуа **Хьэсанэ Мурат**.

***Дунейм и щытыкIэнур***

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 6, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 11**, *тхьэмахуэ*

♦**Бгыхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Тангэ къэфэкIэм и дунейпсо махуэщ**
♦**1956 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ КПСС-м и обкомым и япэ секретару хахащ.
♦**1922 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щхьэгуэш ШотIэ**.
♦**1935 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Абей Виктор**.
♦**1956 гъэм** къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Сэкрэк Владимир**.
♦**1967 гъэм** къалъхуащ «Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэ пажэу щыта, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Егъэн (Багъэтыр) Мадинэ**.

***Дунейм и щытыкIэнур***

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 7, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 12**, *блыщхьэ*

♦**Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и Iуэхутхьэбзэхэр псоми ялъэIэсыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Зэныкъуэкъу къэралхэм ящыщу зым и телъхьи мыхъуным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ**
♦**1993 гъэм** КъБР-м палатитI хъу и Парламентыр хахащ.
♦**1933 гъэм** къалъхуащ юрист, КъБР-м щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **ГубэщIыкI Владимир**.
♦**1935 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, уэрэдус, артист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бахъуэ БетIал**.
♦**1937 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Дыгъужь Къазбэч**.
♦**1938 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Алэкъей Лерэ**.
♦**1948 гъэм** къалъхуащ актёр, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Балъкъыз Валерэ**.
♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шал Любовь**.
♦**1976 гъэм** къалъхуащ бодибилдингымкIэ дунейпсо чемпион хъуа, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Лъакъуэдыгъу Рамзес**.

***Дунейм и щытыкIэнур***

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Мывэ дзыкIэ зымыщIэм и щхьэ къохуэж.**

• Узыншагъэ

# ІэщІагъэм къыхуигъэщІахэр

**Дохутыр-офтальмолог цІэрыІуэ АфІэунэ Марат ІэщІагъэ хуэхъунур иджыри курыт еджапІэм щІэсу къыхихауэ щытащ. Ар икІи гъэщІэгъуэнтэкъым, абы и адэ АфІэунэ Анатолэ а Іуэхум къыхуигъэщІащ зыхужаІэ, нэ узыфэхэм еІэзэ дохутыр лъэрызехьэт. Тхьэшхуэм къыбгъэдилъхьа зэфІэкІым Анатолэ щыхигъэхъуащ Осетие Ищхъэрэм и къалащхьэм (абы щыгъуэ - Орджоникидзе) дэт медицинэ институтым. 1958 гъэм ар ехъулІэныгъэкІэ къиуххащ, иужькІэ Урыху къуажэм дэт амбулаторэм и унафэщІу илъэсиплІкІэ лэжьащ. АдэкІэ абы и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ Ленинград дэт, Павлов И. П. и цІэр зезыхьэ Япэ медицинэ институтым и ординатурэм. 1969 гъэм щегъэжьауэ 2006 гъэ пщІондэ АфІэунэ Анатолэ Налшык дэт Республикэ клиникэ сымаджэщым нэм щеІэзэ и къудамэм и унафэщІу лэжьащ.**

ОФТАЛЬМОЛОГИЕМ и зы Іыхьэ нэхъыщхьэу щыт нэм и микрохирургие унэтІыныгъэр ди деж къыщызэзыгъэпэщар арэщ, Урысей Ипщэм япэу нэм нэджыж ІэрыщІ игъэтІысхьэнымкІэ операцэхэр езыгъэкІуэкІын щІэзыдзари Анатолэщ. Ар медицинэ щІэныгъэхэмкІэ кандидатщ, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм штатым хэмыт и офтальмолог нэхъыщхьэу щытащ. ЩІэныгъэм, лэжьыгъэм щызыІэригъэхьа и ехъулІэныгъэхэм папщІэ абы къыхуагъэфэщащ «КъБАССР-м щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр. Нэм и микрохирургие унэтІыныгъэр егъэфІэкІуэным ар жыджэру телэжьащ илъэс 50-кІэ.

АфІэунэ Анатолэ и лэжьэгъу гупми, зэІэза сымаджэхэм я дежи сытым щыгъуи пщІэшхуэ щиІащ, ноби абы и зэфІэкІыр ялъытэу апхуэдэщ. Абы и ІуэхущІафэм, и лэжьыгъэм теухуауэ цІыхухэм къабгъэдэкІ псалъэ гуапэ куэд абы и бынхэм зэхахащ икІи, шэч хэлъкъым, езыхэм я ІэщІагъэр къыщыхахым абыхэми мыхьэнэ гуэр а Іуэхум зэрыщагъэзэщІам. Унагъуэ жьэгум и гуащэ, адыгэбзэмрэ урысыбзэмкІэ егъэджакІуэу щыта Зое щхьэгъусэм и щІэгъэкъуэнышхуэт, сыт хуэдэ Іуэхуми тригъэгушхуэрт, адэр я бынищым я гъуазэу зэрыщытынми гулъытэшхуэ хуищІырт. Анэ Іущым ар къехъулІащ икІи абыхэм я гъащІэм щапхъэ зытрах цІыху нэхъыщхьэу хэтыр я адэрщ. ГъэщІэгъуэнкъым абы я бынитІыр - ипхъу нэхъыжь Мадинэрэ я щІалэ Маратрэ - адэм и лъагъуэм зэрырикІуэжар. Мадинэ КъБКъУ-м и медицинэ къудамэр, академик Фёдоров С. и цІэр зезыхьэ, «Микрохирургия глаза» медицинэ къэхутэныгъэ центрым и ординатурэр къиухащ. И ІэщІагъэм щыпэрыуващ Налшык дэт Республикэ клиникэ сымаджэщым нэм щеІэзэ и къудамэм, мы зэманым Калининград щолажьэ. Япхъу етІуанэ Маринэ экономистщ. Марат и щхьэгъусэ Залини медицинэм а и унэтІыныгъэрщ зыхэтыр, ар нейроофтальмологщ, Республикэ клиникэ сымаджэщым нейрохирургиемкІэ и къудамэм щолажьэ.

Марат и гугъу пщІымэ, ар КъБКъУ-м и медицинэ факультетым щІэмытІысхьэ щІыкІэ медицинэ лэжьакІуэ хъуну хунэсат. Курыт школым и класс нэхъыжьхэм щеджэу, адэм и чэнджэщкІэ, абы Республикэ клиникэ сымаджэщым санитару лэжьэн щыщІидзащ, и гъащІэр зытриухуэну ІэщІагъэр зыхуэдэм нэхъ кууэ икІи лъэныкъуэ куэдкІэ щыгъуазэ хъун папщІэ. 1990 гъэм ар щІэтІысхьащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым. Абы щигъэкІуа илъэсхэр гуапэу игу къегъэкІыж Марат икІи къыхегъэщ къыхиха унэтІыныгъэмкІэ щІэныгъэ куу абы зэрыщызригъэгъуэтар, и егъэджакІуэу щытахэми нобэр къыздэсым фІыщІэ яхуещІ.

1996 гъэм АфІэунэ Марат щІэтІысхьэжащ Москва дэт, Урысей медицинэ академием, илъэситІ дэкІри, а еджапІэм и аспирант хъуащ. 2001гъэм «Клинические и судебные медицинские аспекты ожоговой травмы глаз» фІэщыгъэр зиІэ и кандидат лэжьыгъэр щІэныгъэ утыку кърихьащ.

Налшык къигъэзэжа нэужь, Марат лэжьэн щыщІидзащ Шэджэм район сымаджэщым, абы къыдэкІуэуи Республикэ клиникэ сымаджэщым пІащІэгъуэкІэ дэІэпыкъуныгъэ щрагъэгъуэт и ІэнатІэм дохутыру щыІащ. 2006 гъэм АфІэунэ Анатолэ пенсэм щыкІуэм, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм ар зыпэрыта ІэнатІэр, сымаджэщым нэм и микрохирургиемкІэ и къудамэм и унафэщІ къалэныр, хуигъэфэщащ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат, лэжьыгъэ и пІалъэ фІыуэ зыщІэ, категорие нэхъыщхьэ зиІэ дохутыр, апхуэдэуи къызэгъэпэщакІуэ Іэзэу зыкъэзыгъэлъэгъуа Марат.

Къудамэм и унафэщІ хъуа нэужь, щІалэм абы и лэжьыгъэм зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэну хэтакъым, абы щызэтраубла Іуэху зехьэкІэр зэрыригъэфІэкІуэным хущІэкъуу и ІэнатІэм пэрытщ. АфІэунэм и лэжьэгъуэ махуэм жьы дыдэу щІедзэ, къудамэм щекІуэкІ Іуэхухэм игу хуэмызэгъауи унэм кІуэжынукъым. Марат и нэІэм щІэтхэм къыхагъэщ ар и псалъэм тебгъуэтэж, зыпэрыхьэр нэгъэсауэ зэфІэзыгъэкІыф, и щхьэм ткІийуэ хущыт цІыхуу зэрыщытыр. ЯхуэткІийщ ар и лэжьакІуэхэми, абы къыдэкІуэуи захуагъэм и телъхьэщи, леи къатригъэхьэнукъым. Зыпэрыт Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ, Іэзагъышхуэ зыбгъэдэлъ ІэщІагъэлІ гупыр зэкъуэту щызэдэлажьэ къудамэщ нобэ ар зи унафэщІыр. Шэч хэмылъуи, апхуэдэ лэжьыгъэ зэтеублар псо япэу зыдэлъагъупхъэр дохутыр куэдым щапхъэ яхуэхъуфыну зи ІэщІагъэм пэрыт АфІэунэ Маратщ.

Марат нэм епха сыт хуэдэ узыфэри щыуагъэншэу къехутэри, ехъулІэныгъэ иІэу егъэхъуж. Хирургие и лъэныкъуэкІэ абы и зэфІэкІхэр къыпхуэмылъытэнщ, куэд щыгъуазэщ операцэ гугъу дыдэри абы Іэзэу зэрыригъэкІуэкІыфым. Апхуэдэ Іэзагъэм хуэкІуэфыркъым дохутыр псори, емызэшу зи щІэныгъэм, зэфІэкІым хэзыгъэхъуэну хущІэкъурщ ар къызэхъулІэр. АфІэунэм куэдрэ къыхуихуащ сымаджэ къыхуашам и щытыкІэм теухуауэ пІащІэгъуэкІэ Іуэхур зэхигъэкІыу операцэ ищІын хуей щыхъуа. Мис апхуэдэхэм дежщ наІуэ щыхъур дохутырым и зэфІэкІри Іэзагъри здынэсыр.

- Языныкъуэ балигъхэм жэуаплыныгъэшхуэ яхэлъу зэрыщымытым къыхэкІыу сабийхэм нэхъыбэрэ фэбжь ягъуэт, - жеІэ Марат. - СощІэж, илъэсиплІ хъу хъыджэбз цІыкІум анэм емыгупсысу ирита лэныстэмкІэ и нэр иуІэжауэ операцэ зэрысщІауэ щытар. И нэкІум и теплъэр фаджэ мыхъуу нэр тхъумэфащ, ауэ абыкІэ имылъагъужу хъуащ. Сэ къызолъытэ апхуэдэ щапхъэхэр адрейхэм дерс яхуэхъупхъэу. А фэбжьыр анэмрэ бынымрэ я гум дыркъуэу игъащІэ псокІэ телъынущ. ИлъэсыщІэ махуэшхуэхэми нэхэм ехьэлІа щІэщхъу куэд цІыхухэм къащощІ, хьэрэкІытІэ драгъэлъэтейхэм я зэранкІэ.

КъапщтэмэР, хирург-офтальмологым и зэфІэкІыр куэдкІэ елъытащ медицинэ ІэмэпсымэхэмкІэ къызэрызэгъэпэщами, ауэ нэхъыщхьэжыр дохутырым и Іэзагъырщ. И лэжьыгъэм игури и псэри етауэ, медицинэм щІэуэ къыхыхьэ псори зэрызригъэщІэным зэрыхущІэкъурщ АфІэунэм ІэнатІэм щиІэ ехъулІэныгъэхэм лъабжьэ яхуэхъур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр куэдрэ гупсысэу къыщІэкІынукъым, офтальмолог нэхъыфІ къыщалъытэкІэ. Куэдыр фІы дыдэу щыгъуазэщ къэралым и къалэшхуэхэм щыІэ клиникэхэм щылажьэ ІэщІагъэлІ цІэрыІуэхэм ехьэкъуфын нэ дохутыр Іэзэ ди щІыналъэми зэрыщыІэм. Медицинэ дунейм зи цІэр фІыкІэ щызыгъэІуа АфІэунэ Марат апхуэдэ пщІэр, цІэрыІуагъэр къыхуихьащ и ІэщІагъэм хуиІэ лъагъуныгъэм.

**АППАЕВЭ Жаухар.**



# Къэралым нэхъыфІу къыщалъытэ

**Мы махуэхэм Москва щекІуэкІащ «Росздравнадзор»-м къызэригъэпэща, «Медицина и качество-2022» XV урысейпсо щІэныгъэ-практикэ конференцыр. Зэхыхьэр къызэІуихащ УФ-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Мурашкэ Михаил.**




АР къытеувыІащ ІэнатІэм гулъытэ нэхъ зыхуэщІыпхъэу хилъагъуэ Іуэхугъуэхэм. Апхуэдэу псом япэу лэжьыгъэр щегъэфІэкІуэн хуейуэ абы къигъэлъэгъуащ цІыхухэм япэ дэІэпыкъуныгъэхэр щыхуащІэ медицинэ ІуэхущІапІэхэр, къищынэмыщІауэ, иджырей технологиехэр, телемедицинэм и Іэмалхэр жыджэру къагъэсэбэпыну къыхуриджащ.

«Мы зэманым иужь дитщ цІыхухэм я узыншагъэр хъумэнымкІэ щыІэ къэрал политикэр зэредгъэфІэкІуэным икІи медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр шынагъуэншэу икІи фІагъ яІэу къызэгъэпэща зэрыхъуным и хэкІыпІэхэр доубзыху», - жиІащ министрым.

Зэхыхьэм щагъэлъэпІащ ІэнатІэм зэфІэкІ щхьэхуэхэр щызыІэрызыгъэхьа ІуэхущІапІэхэр. Апхуэдэу «Коронавирус узыфэ зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщІэм щыпэщІэт лъэхъэнэм цІыхухэм я узыншагъэр хъумэнымкІэ яІа ехъулІэныгъэхэм папщІэ» унэтІыныгъэм нэхъыфІу къыщалъытащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэр. «ШынагъуэншэуЩыт икІи фІагъ лъагэ зиІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм папщІэ» саугъэт нэхъыщхьэр къызэрыхуагъэфэщам щыхьэт техъуэ дипломыр республикэм и министр Къалэбатэ Рустам къритащ «Росздравнадзор»-м и унафэщІ Самойловэ Аннэ.

Министрым УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэмрэ КъБР-м и Іэтащхьэмрэ фІыщІэ яхуищІащ пандемием и лъэхъэнэ гугъум сыт и лъэныкъуэкІи зэрызыкъыщІагъэкъуам папщІэ икІи жиІащ сытым дежи абыхэм я дэІэпыкъуныгъэр зыхащІэу зэрылэжьар. Апхуэдэу ар къытеувыІащ республикэм и медицинэ лэжьакІуэхэр я къару емыблэжу узыфэм зэрыпэщІэтам. «Ар псоми ди текІуэныгъэщ, щІыналъэм и медицинэ лэжьакІуэхэми министерствэм и ІэщІагъэлІхэми коронавирус узыфэ зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщІэм земыгъэубгъуным, абы ебэныным я гуащІэшхуэ халъхьащ», - жиІащ Къалэбатэ Рустам.

Конференцым хэтащ Урысей Федерацэм и хэгъэгу 85-м узыншагъэр хъумэнымкІэ щыІэ къэрал къулыкъущІапІэхэм я унафэщІхэр, медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъыр къэзыпщытэ ІуэхущІапІэхэм я ІэщІагъэлІ пажэхэр.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.**

**Щикъухьащ адыгэр дунеижьым**





# Хэкум теухуа фильмым ехъулIэныгъэ къыхуехь

**2022 гъэм и фокIадэм Тэтэрстаным щекIуэкIащ Муслъымэн кином и XVIII дунейпсо фестиваль. Ар екIуу къызэрагъэпэщат Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ Тэтэрстаным и Президент Минниханов Рустамрэ я дэIэпыкъуэгъуу.**

ФЕСТИВАЛЫМ хэтащ Урысейм, хамэ къэрал куэдым щыщ IэщIагъэлIхэр. Къэрал 44-м щыщу щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэу 600-м я IэдакъэщIэкIхэр ирагъэхьат зэхьэзэхуэм. Абы щыщу нэхъыфIу къалъыта 50-р къыхахри, къэпщытакIуэ гупыр хэплъэжащ.

УвыпIэ нэхъыщхьэхэр зыхуагъэфэщахэм къадэкIуэу, гулъытэ хэха хуащIащ зи лэжьыгъэмрэ зэчиймрэ нэхъыфIу къалъытахэм. Абыхэм яхэхуащ Тыркум щыщ режиссёр, ди лъэпкъэгъу щIалэ Пщыгъуэтыж Мухьэмэд.

Абы фестивалым иригъэхьат Адыгэ Республикэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуауэ Тыркум щытриха «ГъащIэ» фильм кIэщIыр. «Документальнэ фильм кIэщI нэхъыфI» лIэужьыгъуэм пашэныгъэ къыщихьащ адыгэ щIалэм адыгэбзэкIэ Тыркум щытриха фильмым.

Хэкум пэIэщIэми, хамэщIым я лъэр щытетми, ди лъэпкъэгъухэр гурэ псэкIэ я адэжь лъахэм къызэрыпыщIам иджыри зэ щыхьэт тохъуэ мы хъыбар гуапэр. ЩIалэгъуалэр Тыркум тхъэжу щыпсэуми, гупсэхугъуэ къахуэзыхьыр мис мыпхуэдэ Iуэху дахэхэрщ, аращ ди зэпыщIэныгъэм лъабжьэ хуэхъури.



# Хэхэс узэщIакIуэхэр

**Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ щIыпIэ ин щеубыд «УзэщIакIуэхэм я лъэхъэнэ»-кIэ зэджэм. Абы 18-нэ, 19-нэ лIэщIыгъуэхэр къызэщIеубыдэ. Адыгэ узэщIакIуэхэр утыку къихьэу щIадзауэ жыпIэ хъунущ 19-нэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм. Абы лъандэрэ щIэныгъэлIхэм куэд зэфIагъэкIащ, куэд къахутэжащ, ди пащхьи къралъхьэжащ.**

ПРОФЕССОР ХьэкIуащэ Андрей зэритхыжымкIэ, къэралыгъуэм щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ иужь зэманхэм лъэпкъ щIэныгъэлIхэр нэхъ тегушхуауэ елэжь хъуащ япэ адыгэ узэщIакIуэхэм я лэжьыгъэхэм. Зи гъащIи, зи лэжьыгъи дыщымыгъуазэу щыта узэщIакIуэхэм я цIэ-унэцIэр къэтщIащ, абыхэм ящыщ куэдым я тхыгъэхэр щIэныгъэ щызрагъэгъуэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курытхэм щаджу щIадзащ, я тхыгъэ-лэжьыгъэхэр къыдагъэкI, анэдэлъхубзэкIэ зэрадзэкI, езыхэми ятеухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ зыбжанэ, диссертацэ хъуми е тхылъ щхьэхуэу щытми, дунейм къытехьахэщ.

Лъэпкъ щIэныгъэлIхэм ятеухуауэ ХьэкIуащэ Андрей и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Япэ адыгэ тхакIуэхэр», «Адыгэ просветителхэр», «Тхыгъэ къыхэхахэр». А Iуэху дыдэм лэжьыгъэ зыбжанэ триухуащ ХьэщхъуэжьРаисэ.

Адыгэ узэщIакIуэхэр щылэжьар, зыужьыныгъэ щагъуэтар Урысей къэралыгъуэм и закъуэкъым. ЗалымыгъэкIэ, IэщэкIэ зи хэку ирахуа адыгэ мелуанхэм, Тыркум, итIанэ нэгъуэщI къэралхэм зэрымыщIэкIэ къыщыхутахэм, зыхэт дэкъузэныгъэ ткIийм щхьэкIи къамыгъанэу, 19-нэ лIэщIыгъуэм и кIэхэм, 20-нэм и пэщIэдзэхэм я анэдэлъхубзэм тхыбзэ хузэхалъхьэ, ар яхъумэн, я хабзэхэр зэрахьэжын зэрыхуейр къагуроIуэжри, лъэпкъым и цIыху пэрыт зыбжанэ, езыхэм я жэрдэмкIэ, а Iуэху щхьэпэм йоувалIэ. Абыхэм хьэрып, латин алфавитхэр я лъабжьэу тхыбзэ зэхалъхьэ, «Гъуазэ» газетыр къыдагъэкIыу хуожьэ, анэдэлъхубзэкIэ зэджэн тхылъхэр зэрагъэпэщ, Тыркум и къалэ, къуажэ Iэджэм къыщызэIуаха хасэхэр я дэIэпыкъуэгъуу еджапIэхэр лажьэу щIадзэ.

ХамэкъэралыбзэкIэ (нэхъыбэу тыркубзэрэ хьэрыпыбзэкIэ) тхэ щхьэкIэ, адыгэ хэхэсхэм тхакIуэ-усакIуэ куэд къахэкIащ, нэхъыщхьэуи я тхыгъэхэм къыщагъэлъэгъуэжар псэукIэ хьэлъэм, дэкъузэныгъэ ткIийм зэрыпэщIэхуарщ, гурыщIэ къабзэ къагъэна адэжь щIыналъэм зэрыхуаIэращ.

Урысейм иужьрей илъэсипщI зыбжанэм щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ хамэ къэрал куэдым щыпсэу адыгэхэмрэ лъахэм къинахэмрэ нэхъ зэкIэлъыкIуэ, я Iуэху зэрыщIэ хъуащ, яку дэлъ зэпыщIэныгъэр хэпщIыкIыу йофIакIуэ, махуэ къэс зеужь. ЩIэныгъэм, литературэм, щэнхабзэм я лъэныкъуэкIэ абыхэм зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэфIхэм лъэпкъым нобэрей и цIыхухэр Iэмал имыIэу щыгъуазэ щIын хуейщ, адыгэ щэнхабзэм абыхэми увыпIэ пыухыкIа щалъыгъэсыжыпхъэщ.

Ди гуапэ зэрыхъущи, абы и мыхьэнэр къызыгурыIуэ адыгэ творческэ лэжьакIуэ щхьэхуэхэм хэхэс тхакIуэусакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм я тхыгъэхэр адыгэбзэкIэ зэрадзэкIыурэ къыдагъэкI, я гъащIэмрэ я гуащIэмрэ лэжьыгъэ куэд, тхылъ щхьэхуэхэр траухуэ.

ДыщIыгъужыпхъэщ адыгэ хэхэсхэм я цIыху пэрытхэм, абыхэм я лэжьыгъэ хьэлэмэтхэм зи зэфIэкIрэ къарурэ езыхьэлIахэм я цIэхэр:

ШащIэ Къазбэч, БакIуу Хъанджэрий, Унэрокъуэ Рае, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, ТIымыжь Хьэмыщэ, Бакъ Зерэ, Чурей Дыжьын сымэ.

Абыхэм я IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэр еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курытхэм я программэхэм хэгъэхьамэ, тхылъеджэхэр абыхэм нэхъ кууэ щыгъуазэ хуащIу щытамэ, хъарзынэ хъунут.

# Дыкъэфащ, дыджэгуащ, дытхъэжащ

**ДызыхэпсэукI дунейм и «куэбжэхэр» зэIуха зэрыхъуар хамэ къэрал куэдым щикъухьа адыгэхэм я дежкIэ сэбэпынагъышхуэщ. Иджырей политикэ зэхущытыкIэхэм къыхэкIкIэ, абы зихъуэжыныр нэгум къыщIэгъэхьэгъуейщ. Хэти хьэрычэт IуэхукIэ, хэти благъагъкIэ, хэти ныбжьэгъугъэкIэ, къэрал, щхьэ IуэхукIэ зэкIэлъыкIуэхэм къадэкIуэу, дэркIэ лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ а зэпыщIэныгъэм кIэ игъуэтыну ди фIэщ тщIыну дыхуейкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, щIалэгъуалэр зэрызэрыцIыхум, зэрызэкIэлъыкIуэм къригъэлынущ хэхэс гъащIэм зэкъуича лъэпкъыр.**

ЗЫ щапхъэ. Тыркум щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэмрэ Израилым и Кфар-Камэ Хасэмрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэри, я щIалэгъуалэр зэрагъэцIыхуащ, зэщIэупщIащ. ПщащиплIрэ щIалиплIрэ Тыркум икIри, Израилым лъэтащ я нэгу зрагъэужьыну, журтхэм яхэс я лъэпкъэгъухэр зрагъэцIыхуну. Абыхэм зэи ящымыгъупщэжын гукъэкIыж яIэу, я гур хэхъуауэ ягъэзэжащ Истамбыл.

Мыпхуэдэуи къаIуэтэж я зекIуэр: «Бадзэуэгъуэм и 30-м Тель-Авив дылъэтащ. Нэрыбгих хъуурэ аэропортым къыщытпежьащ Израилым исхэм ящыщ ди къуэшхэр. Абыхэм я нэхъ цIыкIум адыгэ ныпыр и пщэм ешэкIати, занщIэу къэтцIыхуащ къытпежьахэр. ДызэрызэрыцIыхурэ илъэс Iэджэ хъу хуэдэ IэплIэ къыдашэкIри, гум драгъэтIысхьащ. Сыхьэтрэ ныкъуэрэ хуэдизкIэ Кфар-Камэ дынэсащ, абыи зы гупышхуэ къыщыдэжьэу къыщIэкIащ. Я гуапагъымрэ я нэжэгужагъымрэ гумащIэ дыкъищIауэ IэплIэ зэтшэкIырт. НыбжьыщIэхэр унагъуэхэм трагуашэри, яхэсащ. Махуибгъум къриубыдэу дагъэлъэгъуар бэщ. ИужькIэ Иорданием къикIа щIалэгъуалэри къытхыхьэжри, адыгэ джэгур зэи зэпымычу дыкъэфащ, дыджэгуащ, дытхъэжащ.

Кфар-Камэ зэрыадыгэ къуажэр къапщIэу къабзэщ, зэлъыIухащ. Узыхуей псори щыбгъуэту сытри дэтщ. ЩэнхабзэмкIэ уни музеи яIэщ. Я гъунэгъу адыгэ жылэми дашащ, Рихьэние дыщагъэхьэщIащ. Ланэ, Шилэрэ Шинэрэ (зэтIолъхуэныкъуэщ), Саусэр, Алинэ сымэ жэщ-махуэ ямыIэу ди гъусащ.

Кфар-Камэ Хасэм и тхьэмадэ Нэпсо Закарие и нэIэ къыттетащ. Къуажэдэсхэм ящыщу зыри къэбгъанэ хъунукъым и цIэр къомыIуэу, апхуэдизкIэ псори къытхуэсакъыу, къытхуэгуфIэу, гуапэу дэтхэнэми дригъэблагъэу жылэм дыдэсащи. ЩIалэгъуалэмрэ дэрэ хуабжьу дызэгурыIуэрт, къэрал зырыз дыкъыщалъхуами, ар зыкIи зэран къытхуэхъуртэкъым, дыщызэтемыхуи къыхэкIыртэкъым. Зыми ныкъусаныгъэ гуэр е егъэлеиныгъэ гуэр дэтлъэгъуакъым. Хуабжьу зэгъунэгъу дызэхуэхъуауэ, телефонхэр зэIэпытхауэ дызэбгъэдэкIыжащ».

# Тыркум щыIэ ХьэпцIей жылэр

**Тыркум щыIэ ХьэпцIей къуажэм дэсхэр 1870 гъэхэм Къэбэрдейм и Джылахъстэней щIыналъэм икIыу Iэпхъуахэм ящыщщ. Къуажэр зыухуар ХьэпцIэ Мэжидщ. Абы и гъусэу а щIыпIэм щетIысэхат Тап Бабу, Бэгъуэт Мусэ, Къандур Шамил сымэ, нэгъуэщIхэри. ИужькIэ яхэтIысхьащ Елъкъанхэ, Щамырзэхэ, Цейхэ, Быхъунэхэ, ФочыщIэхэ, Бэрэзджхэ.**

КЪУАЖЭР Узун-Яйлэ щIыналъэм иужь дыдэу итIысхьахэм ящыщщ. Къуэгъулъкъуейрэ Жаныкъуейрэ я гъусэу щетIысэхащ ахэр абдеж. ИужькIэ, аргуэру Хьэждэгухэ, Ефэндыхэ яхэтIысхьащ.

Ансыкъуэхэ Эскишехир къалэм и Махьмудие куейм щытIыса щхьэкIэ, дэсын ямыдэу, ХьэпцIей и Iэхэлъахэм Iэпхъуэжащ. Иджыри куэд къахэтIысхьэжащ хьэпцIейдэсхэм. Къуажэр къуажэ дахэщ, лIы цIэрыIуэхэр къыдэкIащ. ЛIыгъэкIи цIыхугъэкIи пхуимыгъэкIуэтыну, дуней тетыкIэ екIу яIэу щытащ.

Къандур Мэжид Узун-Яйлэр зэримыпэсу и къуэшищри къыдинэри, езыр Иорданием кIуэжащ (дуней псом щ ы ц I э р ы I у э тхакIуэ, режиссёр Къандур Мухьэдин и адэшхуэращ). ХьэпцIей цIэрыIуэу дэсащ ХьэпцIэ Хьэбыж, Елъкъан Къанэмэт, Щамырзэ ФуIэд, Къандур Iэмин, Цей Хьэжы, Быхъунэ Хьилми, Ансыкъуэ Батырбей, Къандур ФуIэд, Ансыкъуэхэ Саид, Ахьмэд, Вахьдэт, Щамырзэхэ Апдулэ, Назим, Бинбашы Мухьэдин, Бэрычэт Хъусен, Цейхэ Хьэмэдэ, Наджи, ФочыщIэ Абдулкъадир, Бэгъуэт Мусэ сымэ.

ХьэпцIей къуажэр Сивас къалэм епха Кангал районым и щIым хэтщ. Япэрей зэманым Къайсэр къалэм епхауэ щытащ, арщхьэкIэ пэжыжьэ дыдэу зэрыщытым къыхэкIыу, 1914 гъэм Сивас къалэм ирапхащ.

Къуажэр хым елъытауэ метр 1600-рэ лъагагъым тесщ. Сивас къалэм - километр 96-кIэ, Кангал районым километр 44-кIэ пэжыжьэщ. Къуажэр Узун-Яйлэ куейм хуэдэу щIыIэ щIыналъэщ. Псыр я мащIэщи, мэкъумэш ящIэ, кIэртIоф тIэкIу хасэ.

Къуажэм щIы берычэт, зыгуэр къызытрах зэрамыIэм, лэжьапIэ зэрыщымыIэм къыхэкIыу, дэсхэм я бынхэр еджэну, лэжьэну къалэшхуэхэм Iэпхъуахэщ. Анкара, Истамбыл, Сивас къалэхэм дэсщ щIэныгъэ зрагъэгъуэтауэ, псэукIэ хъарзынэ яIэу. Ауэ гъэмахуэ щыхъуам деж дэнэкIи щыпсэури, къуажэм щызэхуосыжри, бжьыхьэпэ пщIондэ дэсщ.

Жылэм лъапсэ дахэхэр, псэуалъэ екIухэр дащIыхьащ. ХьэпцIей къуажэр я хъыджэбзхэм я дахагъымкIи цIэрыIуэт.

ЩIымахуэм дэс унагъуэр мащIэ дыдэ мэхъу кIуэ пэтми, пщыкIутху зэпымычу дэсми аращ, ауэ гъэмахуэм унагъуищэм нэс зэхуосыж.

ХьэпцIей къуажэр игъащIэми жылэфIу, хьэщIэ ягъэхьэщIэфу, я нэщхьеягъуэри, я гуфIэгъуэри зэгъусэу дахыфу, лъэпкъ Iуэхуми жылэ Iуэхуми унафэ тращIыхьыфу, лIыфI я куэду псэуащ, иджыри мэпсэу. Жылэм пшынауэ цIэрыIуэу дэсащ Къандур Перихьан, Щамырзэ КIурашэ, Къандур Гоксел, Къандур Сухьейлэ сымэ.

ХьэпцIей къуажэм иджыри узыщрихьэлIэ унагъуэцIэхэр: Ансыкъуэ, Бэгъуэт, Быхъунэ, Бэрэздж, Бэрычэт, Гъазэ, Гуэбэшокъуэ, Къандур, Къущхьэбий, МыкIуэф, Мэлыхъуэунэ, ФочыщIэ, Тап, Хъурсин, Хьэждэгу, ХьэпцIэ.

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**




Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ

● Прозэу тха усэ

# ХъуэпсапIэ жыжьэ

Гупсысэ нэкIэпсыжэхэм задебгъэхьэхыу ущытыныр лIы хьэлкъым, ауэ уи щхьэ пцIы хуэбупсыжкIэ сыт, - гухэпсыхагъэ зыхалъагъуэнкIэ хъуну хъуэпсапIэ щэху гуэрхэр сэри си гум щызогъафIэ...

Сыхуейт зэгуэр, кIыфIыгъэм сыхыхьэжу псоми сащыгъупщэжа нэужь, зы цIыхуфI гуэрым игу сыкъэкIыжыну. Гупсысэ IэфIкIэ. Гупсысэ нэхукIэ. Гупсысэ хужькIэ.

Сыхуейт ар зытетыну дунейм щхьэщытыну пасэрей гукъэкIыжхэм нэрымылъагъуу сыщыпсэуну. Зыми зэран сыхуэмыхъуу. Зыри зэран къысхуэмыхъуу... Тхузэрымыгъэгъуэт гуэрхэм дащIэмыбэну. Зэпэдубыдын лъэпкъ ди зэхуаку дэмылъу... ЯмыуфIея лъагъуныгъэхэр хьэуам щыпсыпсрэ зэщамыгъэIея псэхэр щызэубзэрабзэу. ЩызэхуэбзэIэфIу...

Ухуей къудей мыхъуу, абыкIэ гугъапIэ быдэ уиIэныр - мис ар насыпхэм я насыпыжт, ауэ... Ауэ гугъапIэ къудейкIи къыпхуэмыупсэжыф дунейщ мы дэ дызытет дунейр...

**IУТIЫЖ Борис**.

● ГушыIэ

# ЩхьэщIыжу аращ

Мурат аргуэру лэжьапIэм ефауэ кIуат. УнафэщIым ар щилъагъум, езым и деж ириджащ.

- Е зиунагъуэрэ, емыкIущ ар, хьэдэгъуэдахэщ, уемыфауэ зы махуэ укъакIуэркъым, уи гъащIэр чэф зэпыту бохь! - и фIэщу ешхыдэрт унафэщIыр къыщIишам.

Мурат, и щхьэр щIэгуауэ, и унафэщIым едаIуэщ, едаIуэри жиIащ:

- Уэлэхьи, игъащIэм зэ фIэкIа семыфа!

- Сыт жыпIэр зищIысыр? УкIытэркъэ? Дауэ игъащIэм зэ фIэкIа узэремыфар?

- Иджыри жызоIэ, зэ фэкIа сефакъым игъащIэм, адрейхэр щхьэщIыж хуэдэурэ екIуэкIыу аращ.

**ЖЫЛАУ Нурбий**.

● IуэрыIуатэ

# Хамэ фыхуемыплъэкIыу фи хабзэ феплъыж

Зэгуэрым Къэзанокъуэ Жэбагъы тридзэри, Тыркум кIуащ, я зэхэтыкIэ, я хабзэ еплъыну. Куэд дэмыкIыу къигъэзэжащ Жэбагъы.

- Мыр сыту кIэщIу къэбгъэкIэрэхъуа? - жаIэу щеупщIым:

- Гъуэгуанэр уигу иримыхьмэ, пIалъэр уогъэкIэщI, - жиIащ Жэбагъы.

- АтIэ, а уздэщыIа хэкум сыт щыплъэгъуа? Бомэт и къуэжьым хуэIуэтэжыркъым тырку хабзэр.

Жэбагъы и щхьэр игъэкIэрахъуэри жиIащ:

- Тыркур адыгэкъым, адыгэпсэмрэ тыркупсэмрэ зэщхькъым, тырку хабзэр адыгэм хабзэ хуэхъунукъым! Хамэм фыхуемыплъэкIыу фи хабзэ феплъыжи нэхъыфIщ!

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

## ДжэдыкIэжьапхъэ, кIэртIоф щIэлъу



КIэртIоф укъэбзар г 5 - 6 хъу зэпэплIимэ цIыкIуурэ яупщIатэ, шыгъу хадзэри, дакъикъи 3 - 4-кIэ щагъэт. Бжьыныхури яукъэбзри, IупщIэ цIыкIуурэ яупщIатэ. АдэкIэ джэдыкIэр яудэри, шыгъу хадзэ. ИтIанэ тебэм тхъу иралъхьэри къагъэплъ, абы кIэртIоф упщIэта гъэжэпхъар хакIутэри, зэIащIэурэ, тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. Абы бжьыныхур халъхьэри, зы дакъикъэ хуэдизкIэ трагъэт, итIанэ шыбжий хадзэри, зэрызэIащIэм хуэдэурэ, джэдыкIэ удар хакIэри, и щхьэр трапIэж. МафIэр ешэхауэ дакъикъэ зытIущкIэ ягъажьэ, и лъабжьэр тхъуэплъ хъухукIэ. Тебэм зэрилъу IупщIищ-плIыуэ зэпаупщI, зэрагъэдзэкI, тебащхьэр трапIэжри, аргуэру зы дакъикъэ хуэдизкIэ ягъажьэ. Пщтыру тепщэчым иралъхьэри, Iэнэм трагъэувэ. Дашх пIастэ, щIакхъуэ.

*Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):* джэдыкIэу - 2, кIэртIофу - г 80, бжьыныхуу - г 15, тхъууэ - г 40, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.



## Прунж хьэкъурт IэшкIэ

Фор шыуаным иракIэри, пIащIэ хъухукIэ ягъэткIу. ИтIанэ бэлагъкIэ зэIащIэурэ, хьэкъуртыр мащIэ-мащIэурэ хакIутэри, фIыуэ зэхагъэзэрыхь. Шыуаныр пэшхьэкум къытрахыжри, тIэкIу ягъэупщIыIу, итIанэ я Iэм дагъэ щахуэурэ IэшкIэ цIыкIу ящI. ЯгъэупщIыIури, тепщэчым иралъхьэ. Шхум, шэм докIу, зэрыIэшкIэу, зыри дамышхыуи яшх.

*Халъхьэхэр:* фоуэ - г 400, прунж хьэкъурту - г 400.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

● Хабзэ

# ХьэщIэм фIыгъуэ къыдокIуэ

Адыгэр хьэщIэкIэ зэрыфIым ещхьыркъабзэу, ерыскъыкIэ хьэлэлт, «си шыгъупIастэ цIыхум ишхарэт», - жиIэу апхуэдэт. Адыгэ лIыжьхэм я шхэгъуэр къыщысами, зыщагъэгувэ щыIэт, «зыгуэр къыдыхьамэ, дызэдэшхэнт», - жаIэу.

Бысымыр и куэбжэпэм щыту, къуажэм къыдыхьа хьэщIэ гуэр блэкIыу сэлам къритамэ, фIэхъусыр къыIихырти, «еблагъэ, зодгъэгъэпсэхунщ, хьэщIэ утщIынщ, бысым уимыIэмэ!» - жриIэрт. Ар зыжриIа хьэщIэр, жэщым а къуажэм къыдэнэн хъурэ, бысым имыIэмэ, къигъэкIэрэхъуэжырти, еблагъэ къыжезыIам и деж щепсыхырт. Ар бысымым пщIэ къыхуащIауэ, щIыхьу къилъытэрт.

Адыгэ бысымыр хьэщIэм щихъуэжыр зэзэмызэххэт. Апхуэдэ къыщыхъуми, а хьэдэгъуэдахэр къуажэ псом зэлъащIысырт. Бысымым и дежкIэ ар напэтехт.

ХьэщIэм и дежкIи бысымхъуэж ищIыныр къекIуртэкъым. «Бысымхъуэж зыщIым чыцI ажэ хуаукI», - жаIэу псалъэжь щыIэщ. Бысымхъуэж зыщIа хьэщIэм чыцIыхъу хуаукIырт, «бысымхъуэж щыпщIакIэ, аращ уэ пхуэфащэр», - жиIэу къикIыу.

«ХьэщIэр Алыхьым и хьэщIэщ, Алыхьым нэужькIэ дэ ди хьэщIэщ», «ХьэщIэр угъурлыщ, фIыгъуэ къыдокIуэ», - жаIэрти, яIэ псомкIи ягъэхьэщIэрт щыгуфIыкIыу.

# Псалъэзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* **1**. Нартыху гъэлыгъуам къыхащIыкIа хьэжыгъэ. **3**. Зи тхьэмпэри зи лъабжьэри яшх хадэхэкI. **4**. Адыгэ шхыныгъуэ: шатэм нартыху хьэжыгъэ хаудэ, джэдыкIэ хакъутэ, кхъуей хапIытIэри, тхъу къыщIидзыху ягъавэ. **5**. Гъэш щытам и щIыIум трищIэ. **6**. Iэщым, цIыхум яшхар зэрызекIуэ, зыгъэткIухэм ящыщ зы. **7**. Шэ гъэхуэбам лъатэпс ирату зыкъомрэ щагъэта нэужь, абы къыхакъуэзыкI шхыныгъуэ. **8**. Псэущхьэхэм IэфIагъ-дыджагъ кърыращIэу, ерыскъыр ирырагъэхыу, абы нэмыщIкIэ цIыхур щыпсалъэкIэ, къигъэсэбэпу жьэ кIуэцIым жьэдэт пкъыгъуэ. **9**. Адыгэхэм дэм къыхащIыкIыу щытащ иджы жэгундэми нэгъуэщIхэми къыхащIыкI, и теплъэкIи и щытыкIэкIи шыгъум ещхь IэфIыкIэ. **10**. Гъавэхэк, бгъави, бгъажьи мэхъу, и хьэжыгъэм хьэлIамэ къыхащIыкI. **11**. И теплъэкIэ мыIэрысэм ещхьу, мэ дахэ зиIэ пхъэщхьэмыщхьэ лIэужьыгъуэ. **12**. Лы гъэвам е лыгъуэлыбжьэхэм дашхыу адыгэхэм хугум е нартыху зэтеудам къыхащIыкI шхыныгъуэ.

***Къехыу***. **2**. ПщафIэ цIэрыIуэ, «Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъыр къыдэзыгъэкIа адыгэлIым и унэцIэр. **8**. ЦIыхухъуцIэ.

**ТАТЫМ Хьэзрэталий**.
*Къулъкъужын Ипщэ къуажэ.*

**Дыгъэгъазэм и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**:

***ЕкIуэкIыу:*** **4**. Уфа. **5**. Кхъулэ. **6**. Уэх. **7**. ПцIым. **10**. Джэду. **12**. Уардэ. **13**. Абазэ. **15**. Фэнд. **17**. Сурэ. **19**. Сыдж. **20**. Джей. **21**. Дэхъу.

***Къехыу:*** **1**. Жасы. **2**. Алжир. **3**. Шухьэ. **8**. ЦIахуцIэ. **9**. Мурад. **10**. Джэлэс. **11**. Дудар. **14**. Аргъуей. **16**. Ныджэ. **18**. Уадэ.

● Сабийхэм папщIэ

**ЩIакхъуэ**

**ЩIакхъуэ хуабэм**
**Псэр дохуабэ,**
**ЩIакхъуэ щабэм**
**Гур дощабэ...**
**ЩIакхъуэ IэфIым,**
**Телъым Iэнэм,**
**И гуи, и пси**
**Хелъхьэ анэм...**

**Ныбжьэгъу**

**Сыту фIы ныбжьэгъу уиIэну,**
**Уи гъунэгъуу ар щытыну.**
**СежэкIамэ - къежэкIыжу,**
**Дызэзауэм - дызэкIужу...**
**Дызэгъусэу школым дыкIуэу,**
**Классым зыри къыттемыкIуэу.**
**Сымылъагъум - сыхуэзэшу,**
**Дызэхуэзэм - дызэкъуэшу...**
**Дызэдэшхэу, Iуэху зэдэтщIэу,**
**Жэщыр хъуами зыхэдмыщIэу.**
**Псысэ-шыпсэхэр тIуэтэжу,**
**ДыщIыдгъужыр нэхъыбэжу...**
**Сыту фIы гъунэгъу уиIэну,**
**Уи ныбжьэгъуу ар щытыну!**

*ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.*

● Псалъэжьхэр

## Дунейр Iэрыхьэ-IэрыкIщ

- **Псалъэ гуапэм пщIэ щIэпткъым.**
- **ФызыфI гъэтIылъыгъэншэ хъуркъым.**
- **Гъусэ бзаджэм нэщхъеягъуэм ухуешэ.**
- **Акъыл зиIэм имыIэ щыIэкъым.**
- **Былымыр уэсэпсым хуэдэщ.**
- **Гуауэ зымылъэгъуам гуапэ зэхищIыкIыркъым.**
- **Дунейр Iэрыхьэ-IэрыкIщ.**
- **Ебгъэлеймэ, лей къыпщощI.**
- **Жьэр щхьэм и лIыкIуэщ.**
- **Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.**
- **И нэм и нэхущ, и псэм и хъуахуэщ.**
- **Уи гъунэгъу умыуб, уи благъэщIи ущымытхъу.**
- **Унагъуэ зиIэм унагъуэ и пIалъэ ещIэ.**

# Багъхэ я зэхэтыкIэ дахэр

● «Илъэсым и унагъуэ-2022»



**Дзэлыкъуэ район администрацэм и унафэщI Джатэ Руслан Багъ Iэсият йохъуэхъу.**

**«Илъэсым и унагъуэ-2022» урысейпсо зэпеуэм пашэ щыхъуащ Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм щыщ Багъхэ Русланрэ Iэсиятрэ я унагъуэ дахэр.**

КЪУАЖЭМ, районым, республикэм, къэралым я ехъулIэныгъэр куэдкIэ унагъуэм елъытащ. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэщ Багъхэ я унагъуэр. Руслан илъэс куэдкIэ хэлъхьэныгъэ хуищIащ республикэм и гъуэгухэр егъэфIэкIуэным. Мы зэманым ар пенсэ кIуауэ зегъэпсэху. 1988 гъэм КъБКъУ-м и педучилищэр къэзыуха Iэсият зыщыщ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Совхознэ къуажэм егъэджакIуэу игъэзэжат. МазитI лэжьауэ, унагъуэ хъури, Къармэхьэблэ къуажэм и курыт еджапIэ №3-м и пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу лэжьэн щыщIидзащ икIи нобэр къыздэсым фIыуэ илъагъу IэщIагъэм пэрытщ.

Псэемыблэжу щIэблэм я къэкIуэнум телажьэ бзылъхугъэм курыт еджапIэм и пэщIэдзэ классхэм зэрыкIуэрэ и егъэджакIуэм щапхъэ трихыу къекIуэкIат. Унэм кIуэжа нэужь, унагъуэр къригъэтIысэкIыурэ темэщIэр яжриIэжырт. Абы щыгъуэ Iэсият и адэ Къаскъул Володярэ и анэ СэIихьэтрэ къраIуэкIырт егъэджакIуэфI къызэрыхэкIынур. Арауэ къыщIэкIынущ зыхуеджэну IэщIагъэр къыщыхихым гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуари. Iэсият ипэкIэ зэрыплъэм, и гъэсэнхэм гудзакъэ зэрахуиIэм, абыхэм я пщэдейм зэригъэгузавэм и щыхьэтщ еджапIэр къыщаухкIэ къыхахыну IэщIагъэм теухуа чэнджэщхэр зэраритыр.

- Пасэм егъэджакIуэм иIа пщIэр нобэ иIэжкъым, ди жагъуэ зэрыхъунщи. Дауэ хъуми, иджыри къытезгъэзэжу IэщIагъэ къыхэсхыну Iэмал сиIамэ, абы сепцIыжынутэкъым. Мы дунейм зы IэщIагъэфI щыIэмэ, егъэджакIуэ IэщIагъэр абы щыщщ, ауэ цIыкIухэр фIыуэ умылъагъуу уахэтыфынукъым. Сабийхэм сащыхэтым деж си сабиигъуэм сыхашэж, абыхэм урагъусэу зэи жьы ухъунукъым. ЦIыкIухэм яхэплъхьэ гъэсэныгъэр, Iущыгъэр, ущийр лъэужьыншэу кIуэдыркъым. Ар зэман дэкIа нэужь, уи гъэсэнхэм зэрадэплъагъуэжыр гуапэщ, - жеIэ Iэсият. - Си гъэсэнхэр республикэпсо, урысейпсо зэпеуэхэм пашэ щыщыхъукIэ, фIыщIэ, щытхъу тхылъхэр къыщысхуагъэфащэкIэ - дамэ къыстокIэ. Си еджакIуэхэм я ехъулIэныгъэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ я адэ-анэхэм я гъусэу срогушхуэ.

Iэсият икIи усэхэмрэ уэрэдхэмрэ етх. Къэгъэзэж Iэниуар игъэзащIэ, Давыдовэ Риммэ макъамэ зыщIилъхьа «Зэрыджэ плъыжь» уэрэдри аращ зейр. Иджыблагъэ Iэсият тхылъитI къыдигъэкIащ сабийхэм яхуэгъэза усэхэр щызэхуэхьэсауэ. ПэщIэдзэ классхэм адыгэбзэр щызыдж цIыкIухэм анэдэлъхубзэр къегугъуэкI зэрыхъуам къыхэкIыу абыхэм я дэIэпыкъуэгъуу «Ди Iэзидэ мадэ», «Хьэрф зэгуэтхэри мэпсалъэ» тхылъхэр нэгъабэ къыдигъэкIащ. Джэгу щIыкIэм тету адыгэ алыфбейр, хьэрф зэгуэтхэр, гъэм и зэманхэр, тхьэмахуэм хыхьэ махуэцIэхэр, мазэцIэхэр Iэсият еджакIуэхэм ярегъэцIыху. Сабий гъэсапIэхэм екIуалIэ цIыкIухэр унэми садми урысыбзэр нэхъ зэрыщагъэшэрыуэр, таурыхъхэм урысыбзэкIэ зэреплъым къыхэкIыу ди хьэрф зэгуэтхэмрэ адыгэбзэкIэ псэлъэнымрэ абыхэм къегугъуэкI зэрыхъуарщ а лэжьыгъэхэм щIэдзапIэ яхуэхъуар. Адыгэбзэм еджакIуэхэр дегъэхьэхынымкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ Iэсият и лэжьыгъэхэм. Аращ ахэр республикэм и сабий гъэсапIэхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ къыщIагъэсэбэпыр. Дохутыр БищIо ХьэIишэт фIыщIэ хуещI и етIуанэ тхылъыр къыдигъэкIынымкIэ къызэрыдэIэпыкъуам папщIэ. АбыкIэ яхуэупсащ и гъэсэнхэм, сабий гъэсапIэхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ екIуалIэхэм, ныбжьыщIэхэм.

Багъ Iэсият Интернет сайтым къыщызэригъэпэща «ХьэщIэщ», Иорданием щыщ адыгэ, генерал Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд и «Ди бзэ - ди псэ» лъэпкъ гуп дахэхэр егъэлажьэ. Абыхэм яхэтщ гъунэгъу республикэхэм, хамэ къэралхэм (Тыркум, Сирием, Иорданием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм) щыпсэу, анэдэлъхубзэр зыгъэшэрыуэ ди лъэпкъэгъухэр. А напэкIуэцIхэм гулъытэ щыхуащI цIыху цIэрыIуэхэм, щэджащэхэм, гулъытэ зыхуэфащэхэм, анэдэлъхубзэм, лъэпкъ Iущыгъэхэм, хабзэхэм, псалъэжьхэм. Нэхъыщхьэращи, а гуп гуапэхэр сэбэп мэхъу дуней псом щыпсэу адыгэхэр зэрыцIыхунымкIэ, зэрыщIэнымкIэ, я зэпыщIэныгъэр ягъэбыдэнымкIэ.

Анэхэм я махуэм, щэкIуэгъуэм и 28-м ирихьэлIэу, зэрызэдэпсэурэ мы гъэм илъэс 34-рэ ирикъуа Багъ зэщхьэгъусэхэм къуищ - Аслъэн, Адмир, Альберт - сымэ къащIэхъуащ. Зэкъуэшищми щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ, КъБКъУ-м и спорт къудамэр къаухащ. Аслъэн къуажэдэс ныбжьыщIэр футболым хуегъасэ. Адмир мафIэсгъэункIыфI IуэхущIапIэм щолажьэ. Альберт фермерщ, Iэщышхуэ зэрехуэ. Быным я нэхъыжь Аслъэнрэ Адмиррэ унагъуэ хъужащ. Адэшхуэ-анэшхуэм я плъапIэр я къуэрылъху Айланэ, Рианэ, Дамир цIыкIу сымэщ. Айланэ цIыкIу дахагъэмкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и вице-мисс», «Мисс Россия Интернет-2021» зэпеуэхэм хэтащ икIи къыхэжанык Iащ.

- Илъэс куэдкIэ дыздэлэжьащ Iэсият сэрэ. Гурэ псэкIэ етауэ зи лэжьыгъэм пэрыт бзылъхугъэм ар къызэрехъулIэр нэрылъагъущ. И гъэсэнхэри, адэ-анэхэри, лэжьэгъухэри къыхуэарэзыщ, - жеIэ егъэджакIуэ Шэру Светланэ. - И унагъуэм и гугъу пщIымэ, Русланрэ Iэсиятрэ я бынищми хьэл-щэн дахэ ядыболъагъу. Зыпэрыувэ сыт хуэдэ Iуэхури щIалэхэм зэфIахыфу апхуэдэщ. Хъуэпсэгъуэщ абыхэм я адэ-анэм хуащI пщIэнэмысымрэ гулъытэмрэ укIэлъыплъыну.

- Къармэхьэблэ къуажэ администрацэм и лэжьакIуэ Хьэмыкъуэ Масирэт къэпсалъэу районым и унагъуэ зэпеуэм дыхыхьэну нэгъабэ къыщытхуигъэлъагъуэм, арэзы дытехъуатэкъым. Мы гъэми къытригъэзэжу тхуэфащэу щыжиIэм, тIэкIу дыкъыкIэрыхуами, тхылъхэр щепт хъуну пIалъэр зэрагъэIэпхъуам къыхэкIыу, псынщIэу махуитIым и кIуэцIкIэ згъэхьэзырыжри, дыхыхьа хъуащ. Унагъуэм исхэм я Iуэхущ Iафэхэм, лэжьыгъэхэм, ехъулIэныгъэхэм кIэщIу дытепсэлъыхьащ, дакъикъитI хъу видеоролик щIыгъуу. Тхылъхэр япэщIыкIэ районым, иужькIэ республикэм едгъэхьащ, - жеIэ Iэсият. - Дымыплъэхэу, зэрымыщIэкIэ ди насып кърихьэкIащ. Зэпеуэр лIэужьыгъуитху хъурти, дэ дызыхэт «Къуажэ унагъуэ» унэтIыныгъэм пашэ дызэрыщыхъуам теухуа хъыбар гуапэр къытIэрыхьащ. ИужькIэ урысейпсо Iыхьэм дыхагъэхьэри, абыи япэ увыпIэр къыщытхьащ.

Зэрытлъагъущи, узэIэбэкIыжмэ, нэхъ пасэм унагъуэм иIа пщIэмрэ мыхьэнэмрэ нобэ хэщIыныгъэ зэригъуэтар ди нэгу щIокI. Иджырей щIалэгъуалэм яухуэ унагъуэхэм я Iуэху зэIумыбзхэм, ахэр нэхъыбэу щIызыбгъэдэкIыж щхьэусыгъуэхэм ящыщу Iэсият къегъэлъагъуэ лъапIэныгъэхэм иужь зэманым зэрызихъуэжар. Нэхъапэм цIыхубзхэм я къалэн нэхъыщхьэу щытар сабий пIыныр, гъэсэныр, унагъуэ жьэгур хъумэныр арамэ, иджы бзылъхугъэхэм мылъку къэлэжьыныр япэ ирагъэщ хъуащ. ЦIыхухъухэм лэжьыгъэ IэнатIэ зэрамыIэм къыхэкIыу, бзылъхугъэхэм ар я пщэ далъхьэжащ. Абы Iуэху зэIумыбзхэр къорикIуащ. А псом къыдэкIуэу, сабийхэм къэралым къарит ахъшэм я быныр ирапIыжыф, цIыхубзхэр ирипсэуф, унэ къащэхунымкIэ дэIэпыкъуэгъу, щхьэхуэ зэрызащIын Iэмал хъуащи, унагъуэхэр мэкъутэ.

«Илъэсым и унагъуэ» зэпеуэм пашэ щыхъуа Багъхэ я унагъуэ дахэхэм хуэдэхэрщ лъэпкъым и къэкIуэнур, щIыналъэм и зыужьыныгъэр зэлъытар, къэралыр зыгъэбжьыфIэр. Апхуэдэхэрщ щапхъэ зытрахыр.



**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



● Футбол

# ЩIымахуэ зэхьэзэхуэр ирагъажьэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатым дыгъэгъазэм и 3-м щIидзащ. Нэгъаби хуэдэу, абы командэ пщыкIух хэтщ.**

БЛЭКIА зэхьэзэхуэм и кIэух увыпIэхэр зыубыда «Нартаным», «Малка»-м, «Шэрэджым», «Къэбэрдейм» я пIэкIэ мы гъэм гуп нэхъыщхьэм хагъэхьащ Малкэм и «МАХ», «Псыгуэнсу», Налшык и «ГорИС», Алътуд и «Искра» командэхэр. Абыхэм зэпеуэр нэхъ щIэщыгъуэ ящIыну дыпоплъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и нагъэбэрей щIымахуэ чемпион «Тэрчым» мыгъэрей зэпеуэм и япэ джэгугъуэм зигъэпсэхуащ. Ар къигъэсэбэпри зэхьэзэхуэм занщIэу бжьыпэр щиубыдащ гъэ кIуам джылахъсэнейхэм зы мащIэкIэ къапикIуэта Бахъсэн и «Автозапчасть»-м.

Бахъсэндэсхэм пэщIэдзэ зэIущIэм гугъуехь лъэпкъ къащыпэмыплъэу къыпщыхъунут. АрщхьэкIэ я хьэрхуэрэгъу «ГорИС»-м гуп нэхъыщхьэм къигъэзэжа къудейуэ щытми, щIалэ лъэрызехьэхэр кърищэлIэфат. Я цIэ къипIуэну ирикъунщ Мэшыкъуэ зэкъуэшхэу Ислъамрэ Хьэчимрэ, Абазэ Астемыр, Машэжь Ратмир, Ольмезов Артур, Хьэшыр Алан сымэ, нэгъуэщIхэми. Ахэр зыхэт командэхэр япэ, етIуанэ лигэхэм урысей утыку щитщ, ауэ я зыгъэпсэхугъуэти, къызэхуэсыжауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIымахуэ чемпионатым щоджэгу.

Апхуэдэу щыт пэтми, «Автозапчасть»-р гуп нэхъ зэщIэгъэуIуауэ къыщIэкIащ. ПщыхьэщIэ Тимур и гъэсэнхэр куэд щIауэ зэгъусэу мэджэгу икIи нэхъ зэрощIэ. Абы и фIыгъэкIэ Бэчбо Муратрэ нэгъабэрей щIымахуэ зэхьэзэхуэм 36-рэ къыщыхэжанык Iыу и гъуащхьауэ нэхъыфI хъуа Апажэ Чэримрэ я хьэрхуэрэгъухэм топ зырыз худагъэкIри бахъсэндэсхэр япэ ирагъэщащ. АдэкIэ зэхэуа гуащIэ щыIащ икIи 5:2-уэ текIуэри «Автозапчасть»-м зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ.

ЕхъулIэныгъэкIэ мыгъэрей зэпеуэр ирагъэжьащ «Ислъэмейм», «Шагъдийм», «Шэджэм-2»-м. Адрей зэIущIэхэр зэрытемыгъэкIуауэ иухащ.

Фыщыдогъэгъуазэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатым и пэщIэдзэ джэгугъуэм крикIуа бжыгъэхэм: *дыгъэгъазэм и 3-м:* «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Локомотив**» (Налшык) - **0:0**, «**Бабугент**» (Бабугент) - «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - **1:1**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**ГорИС**» (Налшык) - **5:2**; *дыгъэгъазэм и 4-м:* «**КъБКъУ**» (Налшык) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **1:3**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Инал**» (Къэрэгъэш) - **3:1**, «**МАХ**» (Малкэ) - «**Искра**» (Алътуд) - **0:0**, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **2:1**. Нэхъ иужьыIуэкIэ ягъэIэпхъуащ «**Мурбек-ФШ**» (Налшык) - «**Тэрч**» (Тэрч) зэIущIэр.

Нобэрэ пщэдейрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: *дыгъэгъазэм и 10-м* - «Инал» - «Спартак-Д», «Тэрч» - «ГорИС», «Автозапчасть» - «Локомотив», «МАХ» - «Мурбек-ФШ»; *дыгъэгъазэм и 11-м* - «Искра» - «Ислъэмей», «Шагъэдий» - «Шэджэм-2», «Бабугент» - «Псыгуэнсу», «КъБКъУ» - «ХьэтIохъущыкъуей» командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Сурэтыр* **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатыр зэрекIуэкIыр***

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **«Автозапчасть»** | **1** | **1** | **0** | **0** | **5-2** | **3** |
| 2. | **«Ислъэмей»** | **1** | **1** | **0** | **0** | **3-1** | **3** |
| 3. | **«Шэджэм-2»** | **1** | **1** | **0** | **0** | **3-1** | **3** |
| 4. | «Шагъдий» | 1 | 1 | 0 | 0 | 2-1 | 3 |
| 5. | «ХьэтIохъущыкъуей» | 1 | 0 | 1 | 0 | 1-1 | 1 |
| 6. | «Бабугент» | 1 | 0 | 1 | 0 | 1-1 | 1 |
| 7. | «МАХ» | 1 | 0 | 1 | 0 | 0-0 | 1 |
| 8. | «Псыгуэнсу» | 1 | 0 | 1 | 0 | 0-0 | 1 |
| 9. | «Искра» | 1 | 0 | 1 | 0 | 0-0 | 1 |
| 10. | «Локомотив» | 1 | 0 | 1 | 0 | 0-0 | 1 |
| 11. | «Мурбек-ФШ» | 0 | 0 | 0 | 0 | 0-0 | 0 |
| 12. | «Тэрч» | 0 | 0 | 0 | 0 | 0-0 | 0 |
| 13. | «Спартак-Д» | 1 | 0 | 0 | 1 | 1-2 | 0 |
| 14. | «Инал» | 1 | 0 | 0 | 1 | 1-3 | 0 |
| 15. | **«КъБКъУ»** | **1** | **0** | **0** | **1** | **1-3** | **0** |
| 16. | **«ГорИС»** | **1** | **0** | **0** | **1** | **2-5** | **0** |

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.748 • Заказыр №2480

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А